

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS  
DEPATMAN SANTE MANTAL**

**AVI SOU DWA**  
(Ajan Swen Sante)

Ospitalizasyon Volontè Kondisyonèl  
M.G.L. Chapit 123, Seksyon 10 ak 11

Ou gen dwa pou w konsilte yon avoka oswa asistan jiridik konsènan enpak legal ospitalizasyon volontè kondisyonèl la anvan ou siyen yon Aplikasyon pou Swen Ak Tretman Sou yon Baz Volontè Kondisyonèl nan non pasyan an konfòmman ak yon pwokirasyon swen sante ki byen evoke. Ou ka konsilte pwòp avoka ou. Kòm altènativ, ou ka konsilte nenpòt nan antite asistans legal ki nan lis nan Avi sou Dwa yo ki afiche sou Inite a oswa ki disponib pou ou sou demann, oswa ou ka konsilte Ofisye Dwa Moun nan etablisman an lè w rele ekstansyon pandan lè travay nòmal yo.

Yon fwa ou aplike pou ospitalizasyon volontè kondisyonèl nan non pasyan an epi etablisman an aksepte aplikasyon w la, ou dwe siyen yon avi twa jou si ou deside retire pasyan an nan etablisman an. Ou kapab mande èd avèk avi sa a nan men anplwaye etablisman an. Etablisman an ka mande pou pasyan an rete nan etablisman an pou jiska twa jou (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye) apre ou fin siyen epi soumèt avi a.

Pandan twa jou apre ou fin soumèt avi w la, etablisman an ka deside ke bay pasyan an egzeyat ka kreye yon chans pou gen domaj grav sou pasyan an oswa lòt moun selon rezon maladi mantal la. Si se konsa, Sirentandan an oswa lòt responsab etablisman an ka depoze yon petisyon pou angajman sivil pasyan an nan etablisman an pou yon peryòd jiska sis mwa. Si yo depoze yon petisyon, Tribinal la pral kòmanse odyans lan nan senk (5) jou ouvrab, san konte samdi, dimanch ak jou ferye yo. Pasyan an ap oblije rete nan etablisman an jiskaske odyans lan fini sof si etablisman an deside ba li egzeyat pi bonè. Yon yon avoka pral reprezante pasyan an nan odyans lan.

Si yo pa depoze yon petisyon pou angajman sivil, yo pral bay pasyan an egzeyat pa pita pase fen twazyèm jou a apre ou fin ranpli avi twa jou ou a (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye).